



Sekirite kont Ensandi lè w ap Kwit Manje



Kwit manje san siveyans se premye kòz ensandi nan kay nan Etazini ak Canada.

Si gen dife an dedan yon chodyè:

- Kouvri li ak yon kouvèti chodyè – Itilize yon gan kwizin pou pwoteje men ou.
- Etenn fou a e kite chodyè a kouvri jiskaske li refwadi.
- Si gen gwo dife e li pwopaje nan lòt kote, sòti deyò rapid e rele 9-1-1 nan yon kote ki pa gen danje.




Pa janm kite kwizin nan lè w ap fri, bouyi, oswa griye manje. Si ou dwe deplase de kwizin nan, **ETENN fou a oswa mete yon alam pou fe w sonje pou kenben kote w ap fè manje a an sekirite.**



Veye manje a. Si gen yon dife nan yon chodyè...kouvri li ak yon kouvèti chodyè.

Kenbe tout bagay ki ka pran dife yo lwen recho a:

- Rad ki lach
- Gan kwizin
- Sèvyèt, papye
- Anbalaj manje
- Istansil kwizin an bwa oswa an plastic
- Rido



Si dife a pwopaje, sòti deyò/ rete deyò, epi rele 9-1-1